



Atansyon: Biwo a Fèmen Pwovizwaman

Si w gen pwoblèm pou w konprann Anglè oswa ou bezwen èd pou w kominike avèk Pwogram Oto Sifizans Ekonomik Depatman Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families, DCF), tanpri rele nan (850) 300-4323.

Si w gen pwoblèm pou w konprann Anglè oswa ou bezwen èd pou w kominike avèk Pwogram Oto Sifizans Ekonomik Depatman Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families, DCF), tanpri rele nan (850) 300-4323.

Mwayen ki pi rapid pou w fè chanjman nan estati avantaj ou yo oswa verifye li se itilize Pòtay Lib Sèvis la (Self-Service Portal) nan <https://www.myflorida.com/accessflorida/>. Ou kapab aplike oswa re-aplike pou avantaj yo, siyale chanjman tankou adrès postal ou, telechaje dokiman yo mete sou kont ou, verifye estati aplikasyon w lan ak avantaj yo lè w itilize Pòtay Lib Sèvis la.

Opsyon sa yo se resous anplis ki pou ede w pandan moman fèmten tanporè sa a.

Fason pou w Remèt Dokiman yo: Si w bezwen remèt yon dokiman, ou ka depoze li nan bwat depo sekirize ki deyò etablisman sa a. Yo pral verifye bwat depo sa a chak Lendi-Vandredi. Dokiman yo depoze apre 5è PM yo pral gen dat resepsyon demen an sou yo. Ou ka fakse dokiman yo tou nan 1-866-886-4342 oswa voye yo nan lapòs nan adrès sa a:

ACCESS Central Mail Center

P.O. Box 1770

Ocala, FL 34478-1770

Fason pou w Aplike pou Asistans, Fason pou w Verifye Estati Dosye w, oswa Fason pou w Siyale Chanjman: Tanpri rele sant sèvis kliyantèl nou an nan 850-300-4323 pou sèvis nan telefòn (TTY 1-800-955-8771) oswa ale sou <https://www.myflorida.com/accessflorida/> pou w jwenn asistans avèk pwogram SNAP, pwogram TANF, oswa program Medicaid. Aplikasyon an papyè yo deyò etablisman sa a pou fasilite ou epi ou kapab remèt yo jan sa dekri pi wo a.

Fason pou w Pase Entèvyou w la: Yo egzije kliyan yo pou pase yon entèvyou pou yo kapab resevwa avantaj yo. Pase entèvyou w la nan telefòn nan 850-300-4323 (TTY 1-800-955-8771).

Fason pou w Kòmande yon Kat Transfè Avantaj Elektwonik (EBT): Kliyan yo kapab kòmande yon kat EBT, jwenn enfòmasyon sou tranzaksyon EBT yo, oswa siyale yon kat EBT ki pèdi oswa yo vòlè sou <https://www.myflorida.com/accessflorida/> oswa lè yo rele nan 1-888-356-3281.

Pou w jwenn enfòmasyon sou zòn ki gen pwogram DCF yo ak fason COVID-19 la ka fè enpak sou sèvis yo bay yo, tanpri ale sou <http://www.myflfamilies.com/COVID-19>.